



METÒD POU PASYAN KI RIVE EN RETA

Klinik FoundCare-la vini avek yon nouvo metòd pou pasyan ki rive an reta nan randevou-yo. Nou fè sa paske Doktè nou yo, asistan medikal yo ak anplwaye nou yo vle pou vizit-ou pase byen, san pwoblem.

Si ou rive plis ke 30 minit en reta nan randevou, ou gen dwa pèdi plas –ou; gen dwa se yon lòt randevou nou ba-ou pou retounen yon lot jou. Nouvo metòd sa se pou asire ke pasyan ki rive a lè yo pa rete tann twò lontan pou randevou yo. Si nou gen plas, nou ka bay ou yon randevou pou mem jou-an. Lè sa nap oblige sèvi pasyan ki rive an premye avan lòt. Nou gen dwa tou pa kapab ede tout pasyan ki rive an reta paske nap fè tout efò pou nou ka bay tout pasyan bon swen ak bon sèvis.

Nou ankouraje nouvo pasyan yo ale sou sit entènèt FoundCare la pou enprime papye pou enskri; epi ranpli papye yo anvan ou vini, pa blyie pou pote yo avek ou nan premye randevou-l an. Si ou pa fè-sa, kom nouvo pasyan wap bezwen rive 15 minit avan lè randevou lan pou kapak ranpli papye enskripsyon yo soup plas. Si ou pa fè sa nou gen dwa pran lòt pasyan ki rive alè yo avan ou.

Doktè nou yo ak anplwaye FoundCare yo di ou mèsi paske ou respekte metòd sa. Metòd –sa ap éde FoundCare kontinye bay bon swen avek bon sèvis. Mèsi paske ou konprann epi paske ou aplike nouvo metòd-sa.